

# Puzzles ak bwat katon

**YOUNG  
MATHEMATICIANS**

Jwè 1+

Laj 3+

5-10 min

## OBJEKTIF

Pou fè epi rezoud pwòp puzzles ou.

## MATERYÈL

Bwat katon, tankou bwat sereyal,  
bwat jwèt, elatriye.

Desen oswa foto pa ou

Sizo



## MATERYÈL

Atribi fòm tankou: *long, kout, koube, dwat*

Mo pozisyonèl tankou: *akote, soukote, toupre, anlè, anba*

Mo oryantasyon tankou: *baskile, glise, epi vire*

## KESYON

Konbyen moso ou vle pou puzzle ou a genyen?

Ki fòm ou vle fè nan puzzle ou a?

Di m plis sou fòm sa a. Kisa ou remake?

Ki jan nou ka konnen ki kote pou nou mete pyès sa a nan puzzle ou a?

## KÒMAN POU JWE

- Chèche yon bwat katon, tankou yon bwat sereyal, koupe kote yo pou aplati l, epi chwazi yon pati pou itilize pou puzzle ou a.

Ou kapab tou kole yon foto oswa yon desen sou devan katon an.

2. Sou do desen w lan, desine moso puzzle ou yo avèk yon règ oswa alamen.



Ou ka desine triyang, rektang, kare oswa nenpòt lòt fòm ou vle. Ou ka ogmante nivo difikilte puzzle la lè w koupe plis moso.

*Nòt:* Selon laj pitit ou a, ou ka vle desine moso yo pou li. Oswa, pitit ou a petèt kapab desine moso yo poukонт li.

3. Avèk yon sizo, ou menm oswa pitit ou a ka koupe sou liy ou te trase yo.



4. Yon fwa ou fin koupe moso yo, melanje yo, epi rezoud puzzle la! Itilize langaj matematik avèk pitit ou a pou dekri atribi moso yo ak pozisyon yo youn ak lòt. Pa egzanp, yon timoun ka di, “**Mwen panse moso sa a ki gen yon bò koube a dwe akote moso sa a.**” Ou kapab tou ankouraje pitit ou a pou l konte konbyen moso ki nan puzzle la an total.

5. Jwèt la kontinye toutotan tan an pèmèt sa. Timoun yo ka vle fè yon lòt puzzle avèk yon lòt bwat oubyen yo ka vle pou w fè puzzle la pou yo.

## KONSEY POU JWE

- Li itil, men se pa nesesè, pou gen yon varyete bwat disponib pou timoun yo chwazi pou puzzle yo a.
- Timoun yo ka bezwen èd yon granmoun pou yo desine fòm yo epi koupe katon an.
- Si se ou ki koupe yo, ou ka koupe fòm yo espre pou diskite ak pitit ou a. Pratike itilizasyon non fòm yo, tankou *triyang, kadrilateral, rektang, trapèz, paralelogram, lozanj*, oswa kare.
- Ou ta ka defye pitit ou a pou l fè yon puzzle ki gen triyang sèlman, kare sèlman, oswa rektang sèlman.

## KISA TIMOUN YO AP APRANN

- Pandan aktivite sa a, timoun yo ekspose a kèk ide jewometrik enpòtan. Y ap aprann kijan pou idantifye fòm yo epi dekri pozisyon yo youn parapò ak lòt lè yo itilize langaj pozisyonèl. Y ap konpoze epi konpare fòm ki nan puzzle yo a. Yo gen opòtinite tou pou konte kantite moso puzzles yo.
- Fè puzzles se yon bon fason pou ede menm timoun ki tou pití pratike konpetans vizyo-espasyal yo. Bonjan konpetans vizyo-espasyal gen yon gwo korelasyon avèk siksè nan matematik nivo siperyè.
- Remake kijan okòmansman, timoun yo ka rezoud puzzle la avèk esè ak erè, pandan y ap fè eksperyans ak fason moso yo byen tonbe ansanm. Ofiramezi y ap fè eksperyans, sitou avèk repetisyon ak puzzle la, y ap plis konsyan pou yo vire moso yo nan lè epi mete moso yo kote ki pou yo pi fasil. Lè yon puzzle vin twò fasil, fè yon lòt.

## SIJÈ MATEMATIK

Fòm ak Jeyometri

Relasyon Espasyal

## VIDEYO



### Gade Videyo Jwèt

Gade kòd QR ki nan aplikasyon kamera telefòn entèljan w la oubyen nan lektè kòd QR la pou w gade videyo ki montre koman pou jwe *Puzzles ak bwat katon*.



[www.ym.edc.org](http://www.ym.edc.org)

© EDC 2024

